



MEZI POU KONTWÒL BRI

KONTWOL EKSPOZISYON BRI NAN TRAVAY

KISA MEZI POU KONTWÒL BRI A YE?

Se tout mezi oubyen aksyon ki pèmèt nou evite vin soud nan travay nou.

Oubyen pèt odisyon ki pwodui akoz de ekspozisyon nou nan bri nan travay nou.



KISA KI ECHÈL MEZI POU KONTWÒL AK DIFERAN TIP YO

Pandan nap detèmine mezi kontwòl yo epi/oubyen konsidere tou 2 nan sa ki déjà ekziste yo, nou dwe teni kont de diminye ekspozisyon a bri yo selon echèl sa:

1. Mezi teknik (eliminasyon sous bri, ranplasman li ak kontwòl konstriksyon yo)
2. Mezi administratif (Siy, avètisman, epi/oubyen kontwòl administratif)
3. Eleman pou pwoteje zòrèy yo (EPA)

KOMAN NOU KAPAB APLIKE MEZI SA YO NAN BIZNIS YO?

Bri a dwe kontwole depi nan kòmansman kote li komanse a, si sa pa fèt se pou yo pran mezi pou sa pandan lap pwopaje (depi kote li komanse a a moun kap tande a) ak jus kote li rive.

Mezi kontwòl sa yo dwe devlope nan "Sistèm jesyon vijilans travayè ki ekspose a bri nan travay yo" ke PREXOR ekzije.



REKÒMANDASYON PREVANSYON

- Fèmen kote ki gen bri
- Kouvri ak materiel ki ap anpeche gwo bri pou kouvri gwo espas, mi, enstale ekipman pou bese gwo son
- Mete pwogram pou kontwole sous bri yo, modifeye metòd travay pou ka gen metòd ki bay son ki pi ba, identifye zòn kritik yo
- Mete yon pwogram pou pwoteksyon odisyon epi itilize pwotektiè oditif nesesè kòrekteman selon nivo son an kote nou ye a ak pou tan nou ladann lan



NÒM ASOSYE

• Pwotokol ekspozisyon a bri nan travay (PREXOR) de ministè sante a

• Gid pou evite ke travayè yo ekspose a bri, Enstiti Sante Piblik



KOU KAPASITASYON ACHS

Tout travayè ki ekspose a bri ka patisipe nan kou sa a:

- 1 Atelye Ekspozisyon
Bri-PREXOR (disponib an panyòl)

»Pou konplamente enfòrmasyon sa yo, li rekòmande pou ou li fèy teknik la: PWOTOKOL EKSPOZISYON AK BRI NAN TRAVAY